



# KHUTBAH JUM'AT

PENGURUS CABANG  
NAHDLATUL ULAMA CILACAP





KHUTBAH JUM'AT  
KARUGIAN JALMA NU MEGATKEUN SILATURRAHMI

Ditulis oleh M. Abdul Malik, S.Sy

= KHUTBAH PERTAMA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا لِهَذَا وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْلَا أَنْ هَدَانَا اللَّهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لِأَنْبِيَّ بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ فَصِّلْ وَسَلِّمْ عَلَي سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَالتَّابِعِينَ وَتَابِعِ التَّابِعِينَ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ، اتَّقُوا اللَّهَ حَيْثُمَا كُنْتُمْ وَإِنَّ الْجَنَّةَ أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ. وَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا

**Hadirin Jamaah Jum'ah Rohimakumulloh!**

Alloh ngadawuh dina al-Qur'an anu hartosna:

*“Jeung kudu taraqwa aranjeun ka Alloh anu aranjeun silih pentaan kalawan jenengan Mantenna, oge aranjeun kudu ngaraksa tali mimitran karana saestuna Alloh eta nu nalingakeun maraneh”.*

(An-Nisa :1) :

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ





يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ  
 مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ ۗ إِنَّ اللَّهَ  
 كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا

Ayat nembé kasebat ti luhur eta ngandung dua parentah ti Alloh SWT ka sakumna manusa, nyaeta parentah taqwa ka Mantenna jeung parentah miara hubungan silaturahmi. Silaturahmi mangrupi sabagian tina ajaran Islam anu ngeunaan kamasyarakatan (ibadah sosial), silaturahmi ngandung hartos ngayakeun hubungan jeung sasama kulawarga anu masih keneh adek atanapi jeung jalmi-jalmi anu kedah dipikawelas asih (arham).

Mangpirang-pirang katenangan anu netelakeun kana kautamian ngalaksanakeun silaturahmi, diantawisna nyaeta bakal dijembarkeun rizqi, dipanjangkeun umur, dihapunten, kalepatan sareng bakal nambah rasa kanyaah antara sasama. Pidawuh Kanjeng Nabi Muhammad SAW :

زُرْغَبًا تَزْدَدُ حُبًّا

*“Kudu nganjang anjeun sawaktu-waktu, tangtu bakal tambah rasa kanyaah anjeun.”* (al-Hadits)

## Hadirin Ahli jum’ah rohimakumulloh !

Naon kitu ari bahayana megatkeun silaturahmi, anu paling ageung balukarna nyaeta moal dilebeutkeun ku Alloh ka surga, sakumaha pidawuh Kangjeng Rosul SAW:





لَا يَدْخُلُ الْجَنَّةَ قَاطِعٌ أَيْ قَاطِعٌ رَحْمٍ

*“Moal bakal asup ka surga jalma anu megatkeun, tegesna anu megatkeun silaturahmi.”* (HR. Bukhori Muslim)

Silaturahmi henteu sabatas hubungan silih pikanyaah sareng kulawarga anu masih adek, tapi oge sareng sakumna muslimin tanpa ngabenten-bentenkeun warna kulit, golongan atanapi partey atanapi dukungan, margi muslim sareng muslim dina silih pikanyaahna kedah lir ibarat hiji jasad, upami hiji anggahota tina eta jasad gering aya panyakitan maka sadaya anggahota tina eta jasad ngiring ngaraoskeun muriang.

## Hadirin Ahli jum’ah rohimakumulloh !

Dina Idul Fitri salianti ku urang di papag ku nyeueurkeun takbir, tahmid sareng tahlil, biasana sok dieusian ku nyeueurkeun Silaturahmi, nepungan sanak family anu geus teu nyambung utamanamah, kawawuhan, sobat-sobat bari silih lubarkeun samudaya kaluluputan, uluk salam sareng mushofahah anu mana kautamaanana sakumaha pidawuh Rosul SAW :

مَا مِنْ مُسْلِمَيْنِ يَلْتَقِيَانِ فَيَتَصَفَّحَانِ إِلَّا غُفِرَ لَهُمَا قَبْلَ أَنْ يَتَفَرَّقَا

Hartosna: *“Teu pati-pati dua muslim paamprok tuluy duanana sasalaman anging dihampura ku Alloh dosa eta dua muslim nu sasalaman samemeh duanana papisah.”* (HR. Turmudzi)

## Hadirin Ahli jum’ah rohimakumulloh !





Raketna duduluran boa-boa isukan diakherat mah bakal jadi mamala, sakumaha pidawuh Alloh :

الْأَخْلَاءُ يَوْمَئِذٍ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ إِلَّا الْمُتَّقِينَ ٦٧

Hartosna: *“Babaturan-babaturan dalit (kana ma’siyat waktu di dunya) dina poe eta (nyaeta poe qiyamat) sawarehna jadi musuh pikeun sawarehna deui, kajaba jalma-jalma taqwa (nyaeta anu silih pikanyaah dina jalan ta’at ka Alloh).”* ( Az-Zukhruf: 67)

Ku hal sakitu raketna duduluran ladang silaturahmi anu sajati, nyaeta duduluran anu mampu disarengan ku rasa silih pikanyaah dina persoalan agama sahingga manfaatna mapat dugi ka akherat, henteu sabatas dina kahirupan dunya wungkul bari ku pedah aya unsur planteungeun pamaksadan kahirupan dunyana, tegesna raket teh ulah pedah aya nanaona.

Muga-muga Alloh SWT maparing hidayah sareng taopiq kaurang sadaya sahingga urang tiasa ngajaga kaharmonisan jeung baraya ku ngalaksanakeun silaturrahmi.

بَارِكْ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ







الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، وَبِهِ نَسْتَعِينُ عَلَى أُمُورِ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ.  
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ الْمُبِينُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ  
وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ . أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ  
تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ  
مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مُنْزَلًا مُبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ الْمُنْزِلِينَ. رَبَّنَا  
أَفْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ ، رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا إِنَّكَ  
أَنْتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ. رَبَّنَا إِنَّا فِي  
الدُّنْيَا حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ  
الْعَالَمِينَ.

